



Pou Piblikasyon Imedya: 20/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO KONTRA ENFÒMÈL ANT ETA JESYON ÈD
IJANS MITYÈL ANT NEW YORK AK CONNECTICUT**

***Etazini pou Fè Egzèsis Antrenman pou Amelyore Preparasyon pou Ijans ak
Kapasite Repons yo***

Kowòdone Byen Lapolis Eta ak Gad Nasyonal pou Repons Ijans

***Elaji Fòmasyon Kòporasyon Preparasyon Sitwayenyo Divizyon Sekirite Teritwa
ak Sèvis pou Ijans yo***

***Evalye Amelyorasyon Teknolojik ak Interoperabilite ant Lapolis Eta New York ak
Lapolis Eta Connecticut***

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse nouvo kontra enfòmèl ant Eta Jesyon Èd ijans mityèl ant New York ak Connecticut. Akò koperativ la, ki efektif imedyatman, pral trase chemen an pou sekouris tou de eta yo ak ajans lapolis yo pi byen pwoteje ak prepare reyon an pou reyaji byen vit ak efikasan pandan dezast ak ijans, tou de natirèl ak atifisyèl, pwoteje lavi presye epi deplwaye resous kritik pi efikasan. Chanjman klimatik ak menas k ap evolye katastwòf lèzòm kreye, tankou fiziyad an mas, pa konnen fwontyè epi poze menas radikal pou sekirite sitwayen yo nan tout jiridiksyon yo. Inisyativ sa a pral ranfòse patenarya ak kolaborasyon ant New York ak Connecticut pou asire ke tou de eta yo prepare pou satisfè demann ki soti nan menas sa yo ki toujou ap evolye yo.

"Connecticut se vwazen nou an sou bò lès, e gen anpil pwoblèm nou ap fè fas a ki ogmante lè nou travay ansanm", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pwoblèm ki pi enpòtan nou ka kolabore sou se sekirite rezidan nou yo ki se poukisa patenarya jesyon ijans sa a kritik konsa. Akò jodi a se pou asire ke de eta nou yo gen resous nou bezwen pandan moman difisil yo, e se sa eta ki vwazen yo fè."

Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont te deklare, "Premye bagay mwen te aprann se ke fwontyè eta nou yo trè atifisyèl e nou gen yon anpil sipèpozisyon ant nou - soti nan Long Island Sound lan pou rive nan Metro-North ak bezwen enèji nou yo, epi sitou nan tèm sekirite nou. Nou pi bon lè nou travay ansanm epi nou gen anpil chans pou nou genyen Gouvènè Cuomo kòm yon vwazen, e mwen pa ka tann pou m travay depre ansanm avè l sou tout sa nou dwe fè ansanm".

Egzèsis Fòmasyon Gad Nasyonal Ansanm

Gad Nasyonal New York la (New York National Guard) ak Gad Nasyonal Connecticut la pral fè egzèsis jesyon ijans ansanm pou ranfòse pwosedi ak kapasite repons ki deja egziste nan repons a yon dezast. Yo pral devlope egzèsis sa yo an kolaborasyon epi yo

pral enkli yon egzèsis nan New York ak youn nan Connecticut. Egzèsis sa yo pral teste ak amelyore kapasite preparasyon ak kapasite pou reponn ak ijans chak eta epi pèmèt echanj pi bon pratik ak byen repons yo

Kowòdinasyon Byen Avyasyon pou Repons Ijans

Ekipman Avyasyon, tankou elikoptè ak Sistèm Ayeryen san pilòt (Unmanned Aerial Systems, UAS), ap pwouve yo se byen ki gen anpil valè lè yo reponn a yon dezast natirèl. Byen sa yo kapab deplwaye san pwoblèm pou evalye sèn yon katastwòf epi detèmine kou aksyon ki apwopriye a anvan deplwaye pèsònèl nan sitiyasyon ki ka danjere. An konsekans, li enpòtan pou evalye regilyèman kondisyon byen avyasyon yo ansanm ak règleman ak pwosedi ki gouvènè sèvis yo. Gad Nasyonal New York la, Lapolis Eta New York la, Gad Nasyonal Connecticut, ak Lapolis Eta Connecticut la pral evalye kapasite avyasyon aktyèl yo ansanm pou rezon repons ijans. Espesifikman, tou de eta yo pral fè yon egzèsis pou teste repons yo nan yon dife bwòs ki kwaze liy eta a.

Elaji Fòmasyon Kòporasyon Preparasyon Sitwayen yo (Citizen Preparedness Corps) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Kòporasyon Preparasyon Sitwayen yo te kreye an 2014 epi te antrene plis pase 300,000 moun New York depi i li te kòmanse. Fòmasyon yo anseye yon apwòch tout danje pou preparasyon pou ijans, pou bay patisipan yo zouti yo bezwen pou kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite pandan nenpòt ijans. Gad Nasyonal New York la fè fòmasyon sa yo an kolaborasyon avèk Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo. Nan yon efò pou elaji pwogram inovatè sa a pou plis moun epi pou amelyore preparasyon pou ijans nan rejyon Nòdès la, ajans New York yo pral asosye avèk Depatman Jesyon Ijans ak Divizyon Sekirite Teritwa (Department of Emergency Management and Homeland Security) Connecticut ak Gad Nasyonal Connecticut pou kowòdone ak amelyore kapasite Kòporasyon Preparasyon Sitwayen yo atravè tou de eta yo. De eta yo ap mete ansanm pandan yon semèn komen pou pataje pi bon pratik yo ak diskite sou ki jan pou ranfòse ak amelyore pwogram preparasyon sivil respektif yo.

Evalye Amelyorasyon Teknolojik ak Interoperabilite ant Lapolis Eta New York ak Lapolis Eta Connecticut

Lapolis Eta New York ak Lapolis Eta Connecticut pral kolabore pou evalye teknoloji deplwaman lapolis aktyèlman yo a epi idantifye zòn pou amelyorasyon yo. Chak eta pral fè efò pou amelyore entèwoperabilite pou amelyore efò ranfòsman ant eta yo. Teknoloji sa yo pwouve trè enpòtan nan ankèt lapolis yo epi inisyativ sa a pral pèmèt pi gwo itilizasyon teknoloji sa yo.

Etabli yon Liy Dirèk Kominikasyon ant Sipèentandan Lapolis Eta a, Jeneral Adjwen Gad Nasyonal yo ak Konseye Sekirite Teritwa nan toulède Eta yo

New York ak Connecticut pral etabli yon liy telefòn dirèk ant Kòmandan Lapolis Eta yo, Jeneral Adjwen yo ak Konseye Sekirite Nasyonal yo, respektivman, pou asire kominikasyon entansifye ak kowòdinasyon lè y ap reponn a yon dezast natirèl oswa ki te kreye pa lèzòm - ki gen ladan ensidan enfòmatis - ki gen enpak sou youn nan eta yo oswa toulède.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)